Parlamentke Múrájatnamasında aytıp ótken edi. Keyinshelik bul pikirler 2020-jılǵı Mámleketlik dástúrde de óz sáwleleniwin taptı. 2020-jılǵı "Ilim, aǵartıwshılıq hám sanlı ekonomikanı rawajlandırıw" Mámleketlik dástúrdiń 53-bántine muwapıq, Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoevtıń 2019-jıl 27-mayda (PF-5729-sanlı) Ózbekstan Respublikasında **"Korrupciyaǵa qarsı gúresiw dizimin jáne de jetilistiriw is-ilajları haqqında"**ǵı pármanı qabıllandı. Usı hújjet tiykarında mámleketimizde korrupciyaǵa qarsı gúresti dizimli ámelge asırıw maqsetinde 2020-jıl 29-iyunda Ózbekstan Respublikasında Korrupciyaǵa qarsı gúres agentligi iskerligin shólkemlestiriw haqqında PQ-4761-sanlı Prezident qararı qabıl etildi hám de **Korrupciyaǵa qarsı gúresiw agentligi** shólkemlestirilip, házirgi kúnde nátiyjeli jumıs alıp barmaqta. 2020-jıl 29-iyulda Akmal Burxanov Korrupciyaǵa qarsı gúresiw agentligi direktori etip tayınlandı.

Agentliktiń tiykarǵı wazıypası korrupciyanıń aldın alıw hám de oǵan qarsı gúresiw salasında mámleketlik siyasattı qáliplestiriw hám onı ámelge asırıw bolıp esaplanadı. Agentlik óziniń wazıypasın nızamlılıq, esapdarlıq, qalıslıq, ashıqlılıq, ashkaralıq principleri tiykarında mámleketlik organlar ham de hámeldar shaxslardan ǵarezsiz túrde ámelge asıradı. Agentlik óz wazıypaların ámelge asırıwda puqaralıq jámiyeti institutları menen birgelikte tıǵız baylanısta jumıs alıp baradı. Ózbekstan Respublikası **Korrupciyaǵa qarsı gúresiw Milliy keńesi** qararına muwapıq búgingi kúnde den-sawlıqtı saqlaw ham de mámleketlik sawda-satıq tarawı diziminde "**Korrupciyasız taraw"** joybarı ámelge asırılmaqta. Agentlik Konrad Adenaur jamǵarması, Evropa awqamı menen tıǵız baylanısta jumıs alıp barmaqta. Agentliktiń anıqlawına qaraǵanda 2020-jıldıń 9 ayı dawamında huqıqtı qorǵaw uyımları xızmetkerleri tárepinen 838 korrupciya jaǵdayları boyınsha jınaıy isler qozǵatılǵan. Bir ǵana 2020-jıl noyabr ayınıń ózinde agentlikke 209 múrájat kelip túsken.

Hár jılı 9-dekabr dúnyada "Korrupciyaǵa qarsı gúres kúni" sıpatında belgilenedi. Usıǵan baylanıslı 2020-jıl noyabr-dekabr aylarında Ózbekstan Respublikası Korrupciyaǵa qarsı gúresiw agentligi tárepinen **"Korrupciyanı birgelikte jeńemiz!"** atamasında tańlaw ótkerildi. Bul tańlawdıń **"Eń jaqsı sociallıq videorolik ushın"** nominacıyasında Qaraqalpaqstanlı jerlesimiz Nurmuxammed Jumagulov óziniń **"Pora+qarg'ish"** roligi menen tańlaw jeńimpazı dep tabıldı.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoevtıń 2020-jıl 29-dekabrdegi Oliy Májliske Múrájatnamasında usı illetke qarsı gúresiwge barlıq mámleketlik organlar, siyasiy partiyalar, jámáátlik shólkemler, ǵalabalıq xabar quralları, ulıwma, hár bir puqara juwapker ekenligi ham de hár bir puqara ***"Hadallıq vakcınası"*** menen qurallanıwı kerek ekenligi aytıp ótilgen. Sebebi, jámiyette korrupciyaǵa qarsı kúshli immunitet qáliplespes eken jámiyet bul illetten qutıla almaydı.

Usı baǵdarda tómendegi tiykarǵı wazıypalar belgilep berilgen. Bular:

**Birinshiden,** korrupciyaǵa qarsı gúreste úgit-nasiyatlawdan nátiyjeli paydalanıw kerek ekenligi aytılǵan.

**Ekinshiden,** korrupciyaǵa qarsı gúreste ashıqlıq hám ashkaralıq mexanizmlerinen nátiyjeli paydalanıw kerek.

**Úshinshiden,** mámleketlik xizmetlerge kadrlardı tańlaw hám de jumısqa qabıllawdıń ashıq dizimin jolǵa qoyıw sisteması tolıq iske túsiriliwi kerek. Bul korrupciyaǵa qarsı gúresiwdiń nátiyjeli qurallarınıń biri.

Demek, usı sistema tiykarında kadrlardı tańlawda eski usıllardan waz keship, olardıń intellektual jetiskenligin, ruwxıy pázıyletlerin bahalaytuǵın ashıqlıq hám áshkara tańlaw sisteması járiyalanadı. Sonday-aq, korrupciyanıń aldın alıw boyınsha mámleketlik xızmetshilerdi turaqlı túrde oqıtıw hám bahalap barıw sisteması jolǵa qoyıladı. Múrájatnamasında belgilengenindey mámleketimizdiń korrupciyaǵa qarsı gúresiw siyasatı turaqlı túrde dawam etedi. Bunda, álbette mámleketlik xızmetshilerdiń ádep-ikramlılıǵı, hadallıǵı, korrupciyaǵa kelisim bermewi ayrıqsha rol oynawı lazım.

**Ádebiyatlar**


1. O'zbekiston Respublikasi Prezidenitining 2017 yil 7 fevraldagi "O'zbekiston Respublikasini yanada rivojlantirish bo'yicha Harakatlar strategiyasi to'g'risida"gi Farmoni. / "Xalq so'zi", 2017, 8 fevral.
2. O'zbeksiton Respublikasining "Korruptsiyaga qarshi kurashish to'g'risida"gi qonuni. 2017 yil 3-yanvar, O'zbekiston Respublikasi Qonun hujjatlari ma'lumotlari milliy bazasi – www.lex.uz.
3. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining "O'zbekiston Respublikasida korruptsiyaga qarshi kurashish tizimini takomillashtirish bo'yicha qo'shimcha chora-tadbirlar to'g'risida"gi Farmoni. // Qonun hujjatlari ma'lumotlari milliy bazasi, 30.06.2020 y., 07/20/4761/1001-son.
4. O'zbekiston Respublikasi Prezidenti Sh.Mirziyoevning Oliy Majlisga Murojaatnomasi. 2020 yil 29dekabr. // Manba: www.president.uz.



**REZYUME.** Maqolada qonun ustuvorligi va korruptsiyaga qarshi kurashish-fuqarolik jamiyatini rivojlantirishning ustuvor shartli ekanligi, korruptsiyaga qarshi kurash, uning ahamiyati hamda natijalari haqida so'z yuritilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассказывается о верховенстве закона и о противодействии коррупции, как о приоритетном условии развития гражданского общества, о значении и результатах противодействии коррупции.

**SUMMARY.** This article discusses the rule of law and the fight against corruption as a prerequisite for the development of society, the fight against corruption, its necessity and consequences.


## ҚАРАҚАЛПАҚ ТЕАТРЫНЫҢ ПРОФЕССИОНАЛЛЫҚҚА ӨТИЎИНДЕ ДӘСЛЕПКИ АДЫМЛАР (1930-1939)


**С.М.Пирназаров –** *ассистент оқытыўшы*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** театр, режиссёр, режиссура, томоша, санъат, тарих, драматург, драматургия.

**Ключевые слова:** театр, режиссёр, режиссура, спектакль, искусство, история, драматург, драматургия и др.

**Key words:** theater, director, directing, performance, art, history, playwright, drama.


1930-жылдан баслап, усындай театр турмысында үстемлик сүрип келген, сахналық саўатсызлыққа тыйым салына баслады. Буның тийкарғы себеби, 1930-жылы Қарақалпақ театр тарийхында кескин өзгерис жылы болды. ВХП (б) оныншы съезди қарарына муўапық ески советлер аўқамының қарамағындағы барлық миллий Республикаларда миллий театрлар пайда бола баслады. Соның менен бирге, оларға барлық мәмлекетлик мәкемелер қатары, мәмлекетлик театр деген лаўазымлар (статуслар) бериле баслады. Мине, усы пүткил аўқамлық тарийхий ҳүжжетке муўапық, 1930-жылы декабрьде, бурынғы "Таң нуры" труппасының тийкарында Қарақалпақ мәмлекетлик театры пайда болды. Қарақалпақ театрының мәмлекетлик театр дәрежесине көтерилўи оның бәринен де бурин профессионаллық театрлар басқышына өтиўине тийкар салды [1].

Әне оннан соң Ә.Өтепов үлкен сахнаға шыға баслады, Ә.Өтепов 1934-жылға шекем көплеген спектакльлерге режиссёрлық етип келди. 1930-жылға

шекем режиссёр деген арнаўлы штаттың өзи болмаған еди, бирақ режиссёрлық ўазыйпасын атқаратуғын қәнигелер болды. Ол 30-жылларға шекем де режиссёрлық етип келген, бирақ труппа директоры лаўазымында. Жоқарыда айтып өткенимиздей қарақалпақ мәмлекетлик театры статусы берилгеннен соң театрымызға бир қанша штат бирликлери ажыратыла басланды.

Усындай қоллап-қуўатлаўлар нәтийжесинде театрға бир қанша жаңалықлар киртилиўи күтилген еди, деген менен үрп-әдетлер елеге шекем сақланып қалынар еди. Бул болса, театрдың ҳәзирги заман тили менен айтқанда урвинине (дәрежесине) туўра келмес еди.

Театрдың алдағы мақсети кадрларды қайта оқытыў болды ҳәм кадрларды қайта оқытыў мәселеси глобал машқалаға көтериледи. Сол ўақытлардың өзинде тил мәселеси, драматургия мәселеси, режиссура мәселеси ҳ.т.б. да мәселелер айқын көринип турар, көрингени менен ол жайлы бас қатыратуғын адам болмаған еди. Әне оннан соң кадрлар мәселесине үлкен итибар қаратыла басланды, 1934-жылы Қарақалпақстанлы бир қанша жаслар Москвадағы Луначарский атындағы мәмлекетлик театр институтына оқыўға жибериледи.

Оларға устазлық еткен О.И.Пыжова болды. Профессор Н.Аңсатбаевтың 2020-жыл баспадан шығарған “Театр ҳәм актёр” китабында Пыжованың жазған күнделигинен үзиндилер келтирип өтеди: “Есимде биринши миллий студия менен ислеп баслаған ўақытларымнан баслап мен бир нәрсени абайлаған едим: профессионал артистке өзиниң режиссёрысыз, драматурглерисиз ислеў жүдә қыйын болатуғынын түсиндим, себеби олар ҳәр ўақытта да артисттиң ең жақын жәрдемшилери есапланады. Усы пикирден келип шығып, мен олардың ҳәр бириниң өзи индивидуал уқып – қәбилетлерине қарап еки киши режиссёрлық ҳәм драматургиялық группа уйымластырдым. Режиссёрлар менен Художественный театр мениң келисимим бойынша В.И.Немирович – Данченконың репитицияларына қатнаса баслады, ал, драматурглер менен жүдә жағымтай минезли, әжайып жазыўшы В.Г.Ян сабақлар алып барды... мениң бул исим жүдә дурыс болып шықты, көп ўақыт өтпей Қарақалпақстанда әдеўир күш топланып, өзлериниң миллий режиссёрлары, драматурглары табыслы ислей баслады” [2] – деп жазады. Шынын айтыў керек, О.И.Пыжова таңлаған бул жол қарақалпақ искусствосына әдеўир тәсир көрсетти. Егер де, сол ўақытлары усы ислер әмелге асырылмай қалғанында биздиң мәдениятымыз әдеўир дәрежеде арқада қалып кеткен болар еди.

“О.Пижова балаларды оқытыўда басында бираз қыйыншылықларға дус келеди, ҳәттеки қарақалпақ студиясында ислей алмайман деген шешем менен А.Н.Фурмановаға бармақшы болады. (А.Н.Фурманова ГИТИСтиң директоры) Себеби, оқыўға барғанлардың дерлик ҳәммеси тил билмейтуғын, қыялында Москва қаласын көрип қайтыў болған. 1934-жылғы студияға қабыл етилгенлердиң айырымлары оқыўдан қуўылыўына байланыслы 1936-жылы группаға қайтадан қабыллаў болады, бул қабыллаўда ҳақыйқый театр көрген, театрда көзге көринип киятырған Ю.Шарипов ҳәм Т.Жолымбетоваларды қабыллайды” [3]. Солай етип студия толық қалпине келтирилип оқыў даўам еттириледи.

Қарақалпақлардың комедияға тән характерлери жүдә бай болған, О.И.Пыжова өзининң «Призвание» шығармасында былай келтиреди: «Булардың оқыў дәўиринде жүдә қызықлы ўақыялар көп болған, бир аудиториядан екинши аудиторияға өтерде бақшаның балаларындай бир-бириниң қолынан услап дизилисип жүрген, егер ортадан биреў бөлип өтсе, оны ҳәммеси жыйылып сабаған, гейде класқа киргизип, есикке столды тиреп қойып өлтире сабаған. Булардың мәселеси қаралған жийналыста А.Н.Фурманова “Каракалпакский народ скандальний народ, но способный народ”, - деп айтқан [4].

Қарақалпақ халқында ески дәўирлерде комедия жанр сыпатында раўажланбағаны менен оның аўыз еки әдебиятында, ертек, дәстан, айтысларында комедияға тән күлкили ўақыяларды көплеп ушыратамыз. Әсиресе, халқымыздың бай мәдений тарыйхына, аўыз еки әдебиятына, халық ойынларына нәзер салсақ буны көплеп ушыратыўымызға болады. Мәслен, халкымызда бурыннан киятырған «Бет ашар», яғный баласын үйлендирген шаңарақ той берип халықты жыйнап келинниң бет ашыў бул миллий дәстүрлеримиздиң бири. «Бет ашар»да сол аўылдың сөзге шешен, қосық айтатуғын жигитлери ашқан. Сол жигит келинге сәлем бердирип атырған ўақтында, сол адамның қандайдур қәте кемшиликлерин зыянсыз етип адамларды күлдирген. Және бир көркем-өнердиң бир тури гештеклерде «Айтыс», қыз-жигитлер бир-бири менен сөзге шешенлик етип күлкили айтыслар айтқан. Мысал етип келтирсек комедияның элементлери барлық халық арасындағы аўызеки әдебиятта да, халық ойынларында да көплеп ушырасады.

Ал, қарақалпақ драматургиясында комедия жанры өткен әсирдин 20-жылларынан кейин қәлиплести. 1926-жылы «Таң нуры» қарақалпақ миллий труппасының пайда болыўы менен қарақалпақ әдебиятында, драма жанры пайда болды. Қарақалпақ драматургиясының раўажланыўы усы дәўирден басланды. Сол дәўирде, мәмлекетлик искерлер ҳәм әдебиятта да қәлем тербетти. Қасым Әўезов, С.Мажитов, Р.Мажитов, Ә.Өтепов, М.Дарибаев, Ж.Аймурзаевлардың бир актли, еки актли шығармалары сахналастырыла баслады. Спектакльлерге халық алыс аўыллардан келип көре баслады. Әсиресе, «Ерназар Алакөз», «Бағдагул» тарийхый шығармалары халықтың сүйип тамашалайтуғын спектакллерине айланды. Ол дәўирлерде ўақыт шегараланбады, бир неше саатлар даўамында спектакллер көрсетилер еди.

Бул дәўирлерде театрымызда бир қанша спектакльлер сахналастырылып, шериклескен режиссуралық пайда болды, яғный “Еле жетерли тәжирийбеге ийе болмаған қарақалпақ театрына, бул сахналық жаңа методты бирден ийелеп алыў, оны әмелий ис жүзинде иске асырыў, әлбетте, қыйын еди. Неге десеңиз театр жетерли қәнийгели кадрларға ийе емес еди. Усы мәселеде бизиң миллий театрымызға жақыннан жәрдем қосқан, әмелий көмек көрсеткен Москвалы режиссёр Каринман, Қазақстанлы режиссёрлар Омаров, Ҳаймулдинлер, Өзбекстанлы режиссёр Зухир Кабулов, Әзербайжанлы режиссёр Гасановлар болған. Олар менен бирге ислескен қарақлпақ театрының ески актёр-актрисаларының еске түсириўлерине қарағанда, бул профессионал режиссёрлар: өзлериниң ис-тәжрийбелери менен, театр әлеминде режиссёрлардың ким екенлигин, онаң орнын, атқаратуғын хызметлерин таныстыра билген. Мине усы режиссёрлардың жәрдеминде, Садулла Жуманиязов, Жийен Машарипов, Абдулла Сапарғалиев, Исақ Шадиев ҳәм Гумиров деген жергиликли режиссёрлар жетилискен”.

Деген менен ески үрп-әдет, яғный театрдың елеге шекемги саўатсызлықларына тыйым салынбады. 1939-жылы Луначарский атындағы Москва халық театрын табыслы тамамлап келген 26 жас жетик кадрлар, театрымыз қурамына қосылып, театрдың саўатсызлық эрасына нокат қойды десек қәтелеспеймиз. Бул жаслар театрға келип көплеген жаңалықлар киргизди, драматургиялық, режиссуралық усылларды қоллай баслады.

«О.Пижова ҳәм оның өмирлик жолдасы, яғный студияның екинши басшысы В.Бибиков, художник О.И.Романовскийлер қарақалпақ актёрлары менен үш

спектакль сахналастырған болып, олар: Мольердиң «Скапенниң ҳийлеси», А.Н.Островскийдиң «Жарлылық айып емес», В.Вишневскийдиң «Биринши атлы армия», спектакллери еди. Спектакллердиң биреўин О.Пижова сахналастырған болса, бирин В.Бибиков, жәнe биреўин О.И.Романовскийлер сахналастырады. «Биринши атлы армия» спектакли Төрткүл қаласында ойналғанында халық тәрепинен жақсы күтип алынбады, себеби халықта көбирек комедия жанрына қызығыўшылық жоқары еди».

"Усы үш спектакльди халыққа көрсетип, театрды профессионал актёрлар менен тәмийинлегени ушын республика басшылары ҳәм халқымыз буларға разы болып, алғыслар айтқан. О.И.Пижоваға "Қарақалпақстан АССР халық артисти" атағын береди" Бул жас әўладтың сахналастырған үш спектаклинен кейин, жаңаша көз қараслар пайда бола баслады. Театрдың ишки тәртип-интизамын, ондағы режиссёр ҳәм драматурглерге хүрмет қаратыў, театрда қойылатуғын ҳәр қайсы спектакльге ҳәммениң күши теңдей жумсалыўына итибар әдеўир дәрежеде өсти. Театрдың ески түрдеги афиша орнына жаршылардың шығап дағазалаўына шек қойылды, суфлёрлар түп тамыры менен алып тасланды, драматургтиң күш күдиретин көрсетиўде режиссёрлар үлкен роль атқаратуғынлығы сол дәўирде айқын көзге түсе басланды.

**Әдебиятлар**


1. Алланазаров Т. "Қарақалпақ театрында миллий режиссураның қәлиплесиўи" – Нөкис: «Билим», 14-15-б.
2. Ансатбаев Н. "Театр ҳәм актёр". – Ташкент: «Наврўз», 2020, 30-31-36-б.
3. Баяндиев Т. пенен сәўбет. 2018-жыл 28-ноябрь.
4. Пыжова О.И. "Призвание" –Москва: «Искусство», 1974. –С. 320-323. (Н.Ансатбаев "Театр ҳәм актёр". –Тошкент: «Наврўз», 2020, 35-б.)



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада Қорақалпоқ театрининг профессионалликка ўтишида дастлабки одимлар, ГИТИСда қорақалпоқ театр студиясининг очилиши ва унда таълим олган қорақалпоқ ёшларининг хатти-ҳаракатлари, Пижова ва Бибиковларнинг студия учун борини берганлиги атрофлича тадқиқ қилинган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье подробно исследуются первые шаги перехода каракалпакского театра к профессионализму, открытие каракалпакской театральной студии в ГИТИСе и поведение обучавшейся там каракалпакской молодежи, посвящение Пижовой и Бибикова студии.

**SUMMARY.** This article is thoroughly studied the first steps in the transition of the Karakalpak theater to professionalism, the opening of the Karakalpak theater studio at GITIS and the behavior of the Karakalpak youth who studied there, Pijova and Bibikov's dedication to the studio.


## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ЭКОНОМИКАЛЫҚ РЕФОРМАЛАРДЫҢ БАСЛАНЫЎ ҲӘМ ЖӘМИЙЕТЛИК-ЭКОНОМИКАЛЫҚ ДҮЗИЛИСТИҢ ӨЗГЕРИЎИ


**А.К.Сарыбаев** – *тарийх илимлериниң кандидаты*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** бозор иқтисодиёти, ижтимоий-иқтисодий вазият, Орол экологик ҳалокати, иқтисодий ислоҳот, миллий иқтисодиёт, бозор инфратузилмасини шакллантириш, давлат мулкини хусусийлаштириш, кичик бизнес ва тадбиркорликни ривожлантириш.

**Ключевые слова:** рыночная экономика, социально-экономическое положение, Аральская экологическая катастрофа, экономическая реформа, народное хозяйство, формирование рыночной инфраструктуры, приватизация государственной собственности, развитие малого бизнеса и предпринимательства.

**Key words:** market economy, socio-economic situation, Aral ecological catastrophe, economic reform, National economy, formation of market infrastructure, privatization of state property, development of small business and entrepreneurship.


Өзбекстан Республикасы сиясий ғәрезсизликке ерискеннен соң бурынғы совет дүзими дәўириндеги экономика тийкарын қураған режелестириўши сиясаттан ўаз кешти ҳәм экономикалық ғәрезсизликке ерисиў мақсетинде базар қатнасықларына өтиўдиң өз моделин ислеп шықты. Онда экономиканы реформалаўдың тийкарғы стратегиялық мақсети – адамлар турмысы ҳәм хызмети ушын зәрүр шәрт-шараятларды тәминлейтуғын, күшли ҳәм турақлы раўажланып барыўшы экономикалық хожалық системаны пайда етиў Өзбекстанның алдында турған әҳмийетли ўазыйпалардың бири болды. Бирақ бул илажларын әмелге асырыў ғәрезсизликтин дәслепки жылларында ансат емес еди. Суверенитетке ерисиў жолында Өзбекстан Республикасы ҳәм оның қурам бөлеги сыпатында Қарақалпақстан Республикасы қыйыншылықларға дус келди.

Аўқамның экономикалық сиясаты натийжесинде бурынғы советлик хожалық системаның экономикадағы аўыр ақыбетлери – административлик-буйрықпазлық басқарыўдың методлары, экономиканы қатаң жобаластырыўы ҳәм улыўмалық меншиклестириў принциплери бул барлығы өз нәўбетинде елдин экономикасын турақлы раўажланыўы ушын унамсыз кери тәсирин тийгизди. Сондай-ақ, сол дәўирдеги республика экономикасы бир тәреплеме, тийкарынан аўыл хожалық шийки зат өндирисине бағдарланыўы, Арал экологиялық апатшылығының аўыр ақыбетлери бул региондағы жағдайды буннан да бетер кескинлестирди.

Ғәрезсизликке ерискен ўақытта Қарақалпақстан экономикасында дерлик барлық тараўларда өндиристиң пәсейиўи көзге тасланды. Экологиялық апатшылық ақыбетинде балық аўлаў ҳәм қайта ислеў тараўы жоғалып, аўыл хожалығы топырақтын күшли шорланыўы ҳәм онын қурамында пестицид пенен химикатлардын жоқары концентрацияға жетиўи салдарынан дағдарысқа ушырады. Республика экономикасы оғада аўыр дәрежесине түсиў нәтийжесинде, халықтын, әсиресе аўыллық жерлерде жасаўшылардың күн-көриси ҳәм турмыс шараятлары төменледи, онысыз да жетилиспеген социал-мәдений инфраструктураның тозыўы жетти, аўыл хожалығының егислик жерлеринин мелиоративлик жағдайы ҳәм өнимдарлығы пәсейди.

Аўыл хожалығы өнимлерин жетилистириўге бағдарланған өндирис тараўлары да халықтың талапларын илимий тийкарланған азық-аўқат нормаларына сай түрде қанаатландырылмады. Халықтың аўқатланыў рационының надурыс балансқа болыўы, ишимлик суўы сапасының төменлиги, экологиялық жағдайдың төменлесиўи - булардың барлығы халықтың турмыслық шараятлары менен ден саўлығына унамсыз тәсир жасады.

Аўыл хожалығы менен тығыз байланыслы болған Қарақалпақстан санааты ғәрезсизликтин қарсағында халықтын жан басына санаат өнимлерин ислеп шығарыў бойынша улыўма көрсеткишинен артта қалды. Орын алған қатаң Аўқамның орайласыў сиясаты ақыбетинен бай минерал-шийки зат ресурсларынын болыўына қарамастан, республика өндирис күшлеринин ең, әўеле аўыл хожалығына бағдарланып бир тәреплеме раўажланыўына алып келди. Сол ўақытта Қарақалпақстанға сырттан 80% тен аслам халық хожалығы ҳәм тутыныў буйымлары алып келинди [1:125]. Бирден-бир экономикалық дүзимниң ыдыраўы барлық аўқамлық республикаларды кескин экономикалық кризиске дуўшар етти. Бул ўақытта Қарақалпақстанда финанс ҳәм стратегиялық жақтан, әҳмийетли ресурсларының дефицитин бастан кеширмекте еди. Хожалық байланысларының үзилиўи, дәстүрий базарлардағы талаптың төменлеўи, төлемлер